

Rezime Egzekitif Plan Estratejik pou Ekite nan Sante nan Winchester Hospital

Winchester Hospital fè pati Beth Israel Lahey Health (BILH), yon gran sistèm swen sante konplè ki twouve li nan Boston, nan lès Massachusetts ak nan sid New Hampshire. Sistèm nan, ki te kreye an 2019, gen 14 lopital, 23 enstalasyon anbilatwa, 4 700 doktè, 10 000 enfimyè, epi sèvi plis pase 1.7 milyon pasyan. BILH se dezyèm pi gwo sistèm swen sante nan Commonwealth la ak 36,000 anplwaye.

Kisa Ekite nan Sante ye?

BILH pran angajman pou l asire tout pasyan yo gen pi bon aksè posib a swen pou yo ka plis an sante. Winchester Hospital pataje objektif sa a epi li pran angajman pou asire pou tout moun jwenn pi bon swen yo. Nou kwè bon swen vle di bon swen pou *tout moun*. Pou redui diferans nan swen sante epi amelyore sante pou tout moun, nou bezwen konprann pasyan nou yo pi byen. Lopital la sèvi ak done pou jwenn kote swen yo ka amelyore epi konsantre sou domèn sa yo pou asire tout pasyan yo jwenn èd yo bezwen an.

Objektif Winchester Hospital pandan kat pwochen ane yo

Objektif nou se amelyore swen pou tout pasyan yo lè nou elimine baryè ki anpeche nou jwenn pi bon rezulta sante yo. Sa a ap rive gras ak pwogrè ki fèt nan divèsite, ekite ak enklizyon (Diversity, Equity and Inclusion, DEI). Gen twa domèn prensipal BILH pral konsantre sou yo nan kèk ane k ap vini yo:

- **Talan:** nou vle ekip nou an reflete divèsite k ap grandi nan kominate n ap sèvi yo, espesyalman nan lidèchip ak nan fonksyon direksyon swen.
- **Pasyan:** nou vize elimine diferans sante nan mitan divès pasyan nou yo.
- **Kominote:** n ap envesti plis nan kominate ki pa gen ase sèvis pou diminye pwoblèm sosyal ak ekonomik ki afekte sante yo.

Pou atenn objektif sa yo, BILH kreye yon Bwat Zouti DEI. Bwat Zouti sa a ede lopital li yo ak infinite klinik yo amelyore nan twa domèn sa yo epi suiv pwogrè ki reyalize yo.

Kad Developman Kapasite DEI



Winchester Hospital planifye pou:

- Kreye yon fason pou verifye faktè sosyal yo ki afekte sante ak sipòte bezwen yo idantifye yo.
- Elimine diferans ki genyen nan de domèn kle nan popilasyon swen sante matènèl ak enfantil la.
- Travay ak patnè swen sante nou yo pou jwenn ak reponn ak diferans sante pou pasyan ki gen dyabèt tip 2 yo.
- Jwenn Sètifikasyon Avanse Komisyon Konjwen an nan Ekite nan Swen Sante.

Vwa Ou Konte nan Plan Ekite nan Sante Nou an

BILH pran angajman pou l asire kominote a gen mo pa l nan planifikasyon ak priz desizyon sou ekite nan sante. Sa fèt atravè diferan komite ak gwoup travay, kontak pasyan, gwoup diskisyon pasyan, sondaj, entèvyou patnè kominotè, fidbak pasyan yo ak fanmi yo ak evalyasyon bezwen sante yo.

Winchester Hospital kontinye travay kole sere ak kominote a atravè Konsèy Konsiltatif Pasyan ak Fanmi (Patient Family Advisory Council, PFAC) ak aktivite kominotè yo. Nou ankouraje epi valorize vwa kominote a nan plan nou yo pou amelyore aksè pou popilasyon ki pa gen sèvis yo.